



Pou Piblikasyon Imedya: 09/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON ANKOU POU YON PWOJÈ AMELYORASYON ENFRASTRIKTI 84.2 MILYON DOLA SOU THRUWAY ETA NEW YORK LA NAN KONTE ONONDAGA

Pwojè a genyen ladan l rekonstriksyon sifas, reparasyon pon ak ranplasman pon nan seksyon I-90 la

Plizyè modènizasyon sekirite ki enkli akotman ki pi laj, nouvo ray gid, nouvo siyalizasyon ak band

Yo prevwa pwojè a ap fini nan otòn 2023.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon pwojè amelyorasyon enfrastrikti 84.2 milyon dola sou Thruway (I-90) la nan Konte Onondaga ankou. Pwojè a genyen ladan l rekonstriksyon sifas sou yon seksyon uit kilomèt nan Thruway (I-90) la, rekonstriksyon ranp lan, reparasyon de pon ak ranplasman yon pon.

"Pwojè investisman nan enfrastrikti sa sou Thruway nan Konte Onondaga a abòde enfrastrikti k ap vyeyi epi ranfòse pi plis sekirite ak fyabilite sistèm transpò nou an nan Eta New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li esansyèl pou nou investi nan pwojè enfrastrikti yo pou kenbe yon wout ki modèn epi efikas ki konekte kominote nou yo ak rezo transpò nou an atravè eta a. Lè nou ranfòse enfrastrikti nou an ak pwojè tankou sa yo, New York sou wout pou vin pi efikas, konpetitif epi pwospè."

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Matthew J. Driscoll, te deklare, "Lè nou reenvesti revni peyaj la nan wout pou pwojè enfrastrikti tankou pwojè 84 milyon dola sa nan New York Santral, sa amelyore sekirite pou chofè yo epi bay modènizasyon estrikti ki enpòtan pou twa pon nan zòn sa. Avèk apeprè 35,000 veyikil k ap vwayaje sou seksyon Thruway sa chak jou, amelyorasyon sa yo sipòte ekonomi New York la epi fè byen ak sèvis yo kontinye deplase efikasan atravè eta a."

Apeprè uit kilomèt Thruway (I-90) ap rekonstui nan toude direksyon ant lwès exit 37 (Syracuse - Liverpool - Electronics Parkway) rive nan exit 39 (Syracuse - Fulton - I-690 - NY Route 690).

Tout trafik sou I-90 nan zòn sa te chanje pou konstriksyon sou vwa nan direksyon lès yo.

Pwojè a enkli tou reparasyon pon Parkway Onondaga a sou I-90 (milepost 287.11) ak pon Onondaga Lake Outlet bridge sou I-90 (milepost 287.25), ansanm ak ranplasman pon CSX Railroad sou I-90 (milepost 288.13).

Anplis, ranp exit 39 (Syracuse - Fulton - I-690 - NY Route 690) la ap rekonstui, epi reparasyon sifas yo ap konplete nan exit 38 (Syracuse - Liverpool - County Route 57).

Plizyè modènizasyon sekirite ki genyen ladan yo, akotman ki pi laj, nouvo ray gid, nouvo siyalizasyon, liy refleksyon pou plis sekirite, amelyorasyon drenaj ak enstalasyon kloti nèj enkli tou nan pwojè a.

Nan otòn 2022, tout trafik ap tounen chanje nan konfigirasyon orijinal la nan vwa direksyon lès ak lwès yo pou sezon ivè a.

Apati prentan 2023, vwa nan direksyon lwès I-90 soti anvan exit 37 rive nan exit 39 yo ap rekonstui ansanm ak vwa nan direksyon lwès twa pon yo. Nan moman sa, tout trafik yo ap chanje nan direksyon lès seksyon I-90 la nan zòn sa.

Yo te bay Harrison & Burrowes Bridge Constructors, Inc. of Glenmont, NY kontra a. Yo prevwa pwojè konplè a ap fini nan otòn 2023.

Pano Mesaj Varyab yo ap limen epi pou avize otomobilis yo sou travay konstriksyon an. Travay la depann de si l ap fè bontan epi kapab gen chanjman.

N ap raple otomobilis yo ke nan Eta New York la, kontravansyon yo double lè yo depase limit vitès nan zòn travay yo. Konfòmman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans yon moun.

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Antanke pi gwo atè ki konekte Santral New York ak lòt pati nan eta a, nou dwe asire ke Thruway la sekirize epi byen antretni pou chofè yo. Pwojè sa p ap sèlman repare wout la ak pon zòn lan nan Konte Onondaga, men l ap ranfòse sekirite Thruway la anpil ak plizyè modènizasyon. Atravè rejyon nò eta a, nou fè fas ak evènman klimatik ki difisil ki ravaje enfrastrikti nou yo, alò li pasyonan pou wè pwojè Otorite Thruway Eta NY la ap vanse ak amelyorasyon sa yo pandan l ap kreye anpil bon djòb tou."

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Kominote atravè 50yèm Distri Sena a kontinye benefisye de investisman istorik eta a pou modènize enfrastrikti otowout nou an. Pwojè 84 milyon dola sa ap livre sifas ki refè ak modènizasyon sekirite sou toule uit kilomèt Thruway Eta New York la ki dirije jiska sant New York Santral. L ap finanse tou modènizasyon ak reparasyon pon ak rekonstrikasyon ranp Exit 39 yo. Mwen felisite

Gouvènè Hochul pou angajman inebranlab li pou amelyore wout ak pon New York Santral yo."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Kominote nou yo konte sou rezo transpò nou yo chak jou pou mennen yo kote yo bezwen ale yo. Lè nou envesti nan pwoteksyon Thruway la, sa ranfòse angajman Eta New York pou amelyore enfrastrikti nou nan tout eta a".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Youn nan responsablite ki pi enpòtan an se pou bay sekirite ak enfrastrikti ki fyab pou rezidan nou yo epi Konte Onondaga gen yon rekò fyète nan fè sa. Li enpòtan tou pou gen patnè ki pataje angajman sa. Mèsi a Eta New York ak Otorite Thruway la pou dènye investisman sa nan kominote nou an".

Pou enfòmasyon ki ajou sou sikilasyon yo, nou ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) Otorite Thruway la ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout.

Vwayajè yo ka vizite tou [Kat Vwayajè](#) Otorite Thruway la pou mizajou sou sikilasyon nan tan reyèl epi enskri sou [TRANSalerts](#) pou enfòmasyon sou sikilasyon.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418